

Bizogenda gute ni nasanga umwana wanje ata ngorane yo kutumva afise ?

Naho ibipimo vyokwerekana ko umwana wawe ata ngorane yo gutakaza kwumva afise, ni vyiza kuguma dukurikiranira hagufi ukwumva kwiwe.

Abana bamwe bamwe barashobora guhura n'ingorane zituma batakaza kwumva uko batera bakura. Niyo umwana wawe basanga ari muri uwo murwi, Muganga yanonosoye ingorane zijanye no kutumva azobikumenyesha hama bibaye ngombwa uzohabwa isango ryo gububira gupimisha umwana imbere yuko akwiza umwaka.

Naho ari abana bake bafise izo ingorane bateba bagatakaza kwumva, ni vyiza ko umwana wawe akorerwa ibindi bipimo iyo Muganga yabiguhanyuye.

Iyo bimenyekanye hakiri kare ko umwana wawe yatakaje kwumva, birafasha kumukingira ingorane zo kumenya kuvuga. Bizofasha kandi umwana mu vyigwa vyawe muri kazoza.

(QHLFSS) Serivisi Ifata mu Mugongo Imiryango Ifise Abana Batakaje Kwumva

The Queensland Hearing Loss Family Support Service (QHLFSS) ni serivise ifasha imiryango ifise abana batakaje ukwumva burundu. N'iyi ibipimo vyerekana ko umwana wawe yatakaje ukwumva burundu, umuntu ajejwe gufasha imiryango wo muri iyo serivise azokurondera kandi azoba yiteguye gukorana nawe hamwe n'umuryango wawe ikiringo kirekire.

N'ifashanyo itangwa ku buntu ku miryango yose. Niyo abakozi ba QHLFSS batakurondera, usabwe guterefone kuri numero 1800 352 075.

Wibuke ko ukwumva kw'umwana gushobora gupimwa ku myaka yose. Nimba ufise amakenga ajanye n'ukwumva k'umwana wawe, usabwe kurondera Muganga wawe kugira akurungike kwa Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva hama nawe aheze apime ko umwana wawe atangorane afise yo kutumva.

Isango ryo kuja mu Gisata c'ubuhinga mu vyo Kwumva

Itariki & Isaha:

Igisata c'Ubuuhinga mu vyo Kwumva:

Aderese:

Nomero ya terefone:

Niyo haca indwi imwe utarahabwa isango n'igisata kijejwe ivyo Kwumva inyuma y'igipimo ca kabiri ko kwumva c'umwana wawe, usabwe kuzoca ubaza mu Gisata kijejwe ivyo Kwumva wategura kujamwo, canke witure QHLFSS ukoresheje numero 1800 352 075.

Bizogenda gute nibitakunda ko twitaba isango?

Nibitakunda ko mwitaba isango, musabwe kubimenyesha Muganga wanyu yanonosoye ingorane zo kutumva mu maguru masha imbere yuko iryo sango rigera kugira arifute hanyuma muhane irindi sango rishasha.

Igipimo co kwumva gikorera abana gikorwa neza iyo bakiri bato (kuko baba baryama neza kurusha iyo bamaze gukura). Abantu barakwiye kwirinda guteba kuja kubonana na Muganga.

Mbega isango ryo kuja gupimisha umwana ritwara amahera angana gute?

Uwuzosuzuma kwumva k'umwana wawe azokubwira vyinshi ku bijanye n'igisata c'ubuhinga mu vyo kwumva kiri mu karere uherereyemwo.

Ibisata vy'ubuhinga mu vyo kwumva vyegukira Reta bikora ibipimo k'ubuntu ku bana basanzwe bafashwa kuvurwa. Abana bose baba abavukiye mu bitaro vya Reta canke mu bitaro vy'abigenga barashobora kuronswa iyo mfashanyo.

Niwahitamwo kuja kwa Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva yikorera utwiwe (ataruwo muri Reta), ni ngombwa ko umwana wawe umenya amahera ibipimo bitwara kandi uzotegerezwa kurondera abakozi bico gisata kugira muganire.

Your Baby's Audiology Hearing Test

Igipimo co kwumva c'umwana wawe gikorwa n'Ubuuhinga bwanonosoye ingorane zo kutumva



Umwana wawe yarungitswe kwa Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva kugira bamukorere ibindi bipimo.

Uru rwandiko rusigura igituma umwana wawe yarungitswe gukorera ibindi bipimo hamwe n'ibintu bisabwa.



Queensland Government

Ni kuki umwana wanje yarungitswe kwa Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva?

Ibipimo bibiri umwana wawe yakorewe vyerekanye ko akwiye "kurungikwa" gukorerwa ibindi bipimo. Bisigura ko ibipimo yakorewe ntivyashoboye kwerekana neza ko yatakaje canke atatakaje kwumva. Kubwivyo umwana wawe akwiye gukorerwa ibipimo na Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva.

Hari impamvu nyinshi zishobora gutuma ibipimo vyerekana ko umwana wawe akwiye "kurungikwa" gukorerwa ibindi bipimo. Umwana wawe ashobora kuba afise ingorane zikurikira:

- Yaratakaje kwumva burundu;
- Yatakaje kwumva vy'igihe gito kubera ibintu bimeze nk'amazi canke ibintu vyamuzibiyeye ugutwi ahejeje kuvuka bishobora kuba vyaragize ingaruka mbi ku kwumva kwiye igihe yariko arapimwa ko yumva;
- ntiyaraguye neza igihe bariko baramugirira ivyo bipimo uko ari bibiri, canke
- hari amajwi ava ahandi yatumye ibipimo bitagenda neza.

Umuhinga yanonosoye ingorane zo kutumva bisigura iki?

Umuhinga yanonosoye ingorane zo kutumva ni umuhinga afise ubumenyi n'ibikorero bimufasha gukora ibipimo vyo kwumva mu buryo buramvuye (ibipimo vyo gusuzuma ingorane zo kutumva).

Ibipimo vyo gusuzuma ingorane yo kutumva bimeze gute?

Ibipimo vyo gusuzuma ingorane yo kutumva bisuzuma ko umwana yatakaje canke atatakaje kwumva. Nimba umwana yaratakaje kwumva, ivyo bipimo bizokwerekana:

- ko yatakaje kwumva burundu canke vy'igihe gito
- urugero yatakajeko kwumva (kuva k'urugero rutoya rwo gutakaza kwumva gushika kurugero runini hamwe utumva na kimwe)
- Ko arugutwi kumwe gufise ingorane yo kutumva canke amatwi yose.

Kenshi bisaba ko umwana wawe apimwa incuro zirenga imwe kugira bamenye neza cane ibijanye n'ukwumva kwiye.

N'ibiki biba iyo igipimo co kwumva kiriko kirakorwa?

Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva arakora ibipimo bitandukanye. Igipimo kimwe kimwe cose gisuzuma igice kimwe muri vyinshi bifasha umwana wawe kwumva. Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azogusigurira igipimo kimwe kimwe muri kumwe.

Ni ryari umwana wanje azokenera igipimo?

Abana ibipimo vyo ku matwi abiri vyerekanye ko bakwiye "kurungikwa" kugirirwa ibindi bipimo bakwiye gupimwa imbere yuko hahera indwi zibiri bakorewe igipimo ca kabiri. Abana ibipimo vyo ku gutwi kumwe vyerekanye ko bakwiye "kurungikwa" kugirirwa ibindi bipimo bakwiye gupimwa imbere yuko hahera indwi zitandatu bakorewe igipimo ca kabiri.

Gupima bizomara umwanya ungana gute?

Bivana n'umwana, ariko umubonano na Muganga urashobora kumara amasaha ashika kuri 3. Ku bana benshi umubonano na Muganga ntumara umwanya ungana ukwo kwose, mugabo ni vyiza gutegura guhebera ivyo bipimo igice c'umunsi.

Ni gute notegura umwana wanje imbere yuko ndamujana kumupimisha?

Muganga azoguterefona canke akurungikire ubutumwa bukwareka ingene wotegura umwana wawe imbere yuko umutwara kumupimisha.

Gutegura neza umwana bituma ibipimo bikorwa neza. Umwana wawe akwiye gushika aho bamukorera ibipimo atarasinzira mugabo arushe kandi agire asinzire.

Ivyo bikaba bitumwira nuko igice kinini c'ibipimo gikorwa umwana asinziriyeye kubera icyo adasinziriyeye ntaguma hamwe bigatuma ibipimo bitagenda neza.




Ibipimo ntibibabaza canke ngo bigirire ingaruka mbi umwana wawe.

Ni vyashika nturungikirwe amakuru ajanye no gutegura umwana canke utazi neza icyo utegerezwa gukora, ni vyiza guhamagara Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva imbere y'umubonano.

Nzomenya ryari ivyavuye mu bipimo?

Uko mubonanye, Muganga yanonosoye ivyo kutumva azoza arakubwira ivyavuye mu bipimo vyo kwumva.

Mbega n'ibiki bishobora kuva mu bipimo bisuzuma k'umwana atoba afise ingorane yo kwumva?



Bizogenda gute niyo umwana wanje nasanga yaratakaje kwumva?

Nimba umwana wawe yaratakaje kwumva vy'igihe gito, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azosaba gusubira kumusuzuma. Niyo atakarusho kaboneka mu kwumva k'umwana wawe yarasanganywe ingorane yo kutumva vy'igihe gito, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azoguhana kujana umwana wawe kuraba Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'amatwi, amazuru n'umuhogo (ENT).

Niyo basanga umwana wawe yaratakaje kwumva burundu, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azokurungika hamwe canke hose muri aha hantu hakurikira:

- Ivuriro ry'abana rivura ingorane zijanye no kutumva
- Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'amatwi, amazuru n'umuhogo
- Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'abana
- Australian Hearing, bafasha mu gutorera umuti ingorane zo kutumva
- Queensland Hearing Loss Family Support Service (QHLFSS) abandi bahinga bakenewe.